



Pou Piblikasyon Imedya: 23/02/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE APLIKASYON YO AP OUVRI DEMEN POU
PWOGRAM TRAVAY NAN JOURNAL AK MEDYA DIFIZYON EMPIRE STATE LA**

***Pwogram Kredi Taks ki se premye nan nasyon an sipòte kreyasyon ak retansyon
travay nan journal lokal ak biznis Medya difizyon nan Nouyòk***

***Investisman Eta a ranfòse aktivite jounalis kominotè a pou asire Nouyòkè yo rete
enfòme***

Jiska 30 milyon dola disponib chak ane jiska 2027

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke aplikasyon yo ap ouvri madi 24 fevriye 2026 pou Pwogram Travay nan Journal ak Medya Difizyon Empire State la, ki bay sipò finansye esansyèl pou biznis journal ak medya difizyon ki kalifye k ap opere nan Eta Nouyòk. Pwogram nan, ki administre atravè Empire State Development, ofri jiska 30 milyon dola chak ane nan kredi taks pou ede medya lokal yo kreye nouvo djòb epi kenbe anplwaye ki deja egziste yo. Ou ka jwenn enfòmasyon sou pwogram nan ak kijan pou aplike [isit la](#).

"Journal lokal yo, difizè yo ak jounalis yo se kolòn vètebral demokrasi nou an. Yo enfòme vwazen nou yo, yo fè vwa kominote a parèt epi yo rann lidè nou yo responsab", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwogram sa a pral bay yon sipò enpòtan pou journal ak biznis medya yo, kenbe repòtè yo okouran, ranfòse pwoteksyon lokal la epi asire Nouyòkè yo gen enfòmasyon fyab yo bezwen an."

Prezidan, Direktè Egzektif Jeneral, ak Komisè Empire State Development, Hope Knight, te deklare, "Medya lokal Nouyòk yo jwe yon wòl vital nan kominote nou yo ak nan ekonomi nou an. Pwogram Travay nan Journal ak Medya Difizyon Empire State la bay ankourajman finansye biznis sa yo bezwen pou kenbe anplwaye talantye yo epi kreye nouvo djòb, sa ki ranfòse endistri esansyèl sa a atravè eta a."

Pwogram nan ofri yon kredi taks ki gen de eleman:

- **Nouvo Konpozan Kreyasyon Travay (jiska 4 milyon dola disponib pa ane):** Yon kredi 5,000 pou chak nouvo djòb apentant nèt ki kreye ane apre ane, jiska 20,000 dola pou chak biznis.

- **Konpozan travay ki deja la (jiska 26 milyon dola disponib pa ane):** Yon kredi ki egal a 50 pousan nan salè anyèl pou chak anplwaye ki kenbe, yon kredi maksimòm 25,000 dola pou chak anplwaye ak 300,000 dola pou chak biznis.

Pou asire ke pwogram nan disponib pou ede biznis medya tout gwosè, finansman an pral divize yon fason egal, avèk 50 pousan lajan an disponib pou pi piti biznis ki gen 100 anplwaye oswa mwens ki baze nan Nouyòk, epi 50 pousan ki rete a pral asiye pou pi gwo biznis ki gen plis pase 100 anplwaye ki baze nan Nouyòk. Pwogram nan ap aksepte aplikasyon atravè [Aplikasyon Finansman Konsolidasyon](#) Eta a. Peryòd aplikasyon pou ane pwogram 2025 la ap fini 25 avril 2026. Y ap trete aplikasyon yo sou baz premye vini, premye sèvi.

Pwogram nan pral bay asistans dirèk pou biznis medya enprime, dijital, ak difizyon atravè Nouyòk, epi li pral bay sipò pou endistri kritik sa a.

Manm Asanble AI Stirpe te deklare, "Pandan ane ki pase yo, nou te wè twòp jounal lokal ak konpayi medya k ap lite epi ki disparèt nan sikilasyon. Pwogram Gouvènè Hochul la vize biznis sa yo espesyalman epi li ede kenbe nouvel lokal yo vivan, pou kenbe kominote a byen enfòm ak pi byen konekte."

Fondatè ak Direktè Egzekitif Empire State Local News Coalition, Zachary Richner, te deklare, "Pwogram istorik Travay nan Jounal ak Medya Difizyon ak Jounal la pa pral sèlman soutni ekosistèm nouvel lokal esansyèl nan eta nou an, men tou li pral sipòte plizyè milye travay lokal yo. Nou remèsye Gouvènè Hochul ak tout ofisyèl eli yo ki te defann lejislasyon sa a, ki vin tounen yon modèl pou eta atravè peyi a. Kowalisyon nou an fyè dèske li te dirije defans dwa ki te fè pwogram sa a tounen yon reyalyte, epi nou anvi kontinye travay avèk Gouvènè a sou inisyativ enpòtan sa a, ki se premye nan peyi a."

Prezidan Asosyasyon Difizè Eta Nouyòk la, David L. Donovan, te deklare

"Pwogram kredi taks inovan sa a benefisye tout sitwayen nan chak kominote nan tout Nouyòk lè li ede prezève nouvel ki pwodui lokalman ak pwogram ki nan enterè piblik la. Estasyon radyo ak televizyon lokal yo reyini kominote yo epi bay enfòmasyon ki ka sove lavi pandan ijans. Nou remèsye Gouvènè Kathy Hochul pou apwòch vizyonè li pou asire sitwayen nan Empire State yo rete enfòm sou gouvènman yo ak kominote kote y ap viv yo."

Prezidan Asosyasyon Editè Nouvel Nouyòk (New York News Publishers

Association) la, Diane Kennedy, te deklare, "Jounal yo konekte rezidan Eta Nouyòk yo, soti nan ti vil riral yo rive nan pi gwo vil nou yo, lè yo bay enfòmasyon ki ajou e ki egzak sou evènman ki afekte lavi yo. Inisyativ kredi taks Gouvènè Hochul la ap pèmèt jounalis yo kontinye travay, pou yo kouvri konsèy minisipal yo, espò lekòl segondè yo, gouvènman minisipal yo ak kominote atistik yo ki sèvi kòm rezo lavi sivik nan kominote yo atravè eta a. Gouvènè Hochul te rekonèt pèt travay nan jounal ki te koze pa chanjman dramatik nan ekosistèm medya a epi li te fè yon pa an avan pou ede jounal yo bati yon pon pou yon avni kote nouvel lokal yo ka pwospere."

Direktè Egzekitif Asosyasyon Laprès Nouyòk la, Bryce Jacobson, te deklare, "Vrè benefisyè pwogram sa a se Nouyòkè yo menm — moun ki lye ansanm pa katye, kilti, lang ak tradisyon pataje. Lè pwogram sa a sipòte òganizasyon medya kominotè yo pandan y ap investi nan mendèv la epi ranfòse fason yo kolekte epi pataje nouvèl, li ede asire ke jounalis lokal la rete aksesib epi nan premye plan. Li ranfòse wòl vital medya sa yo jwe nan reprezante ak konekte kominote yo atravè Nouyòk — sou entènèt, nan jounal, ak sou radyo ak televizyon."

Prezidan Rebuild Local News Coalition (Kowalisyon pou Rekonstriksyon Joubal Lokal), Steven Waldman, te deklare, "Efò istorik sa a pou ede prezève ak relanse medya kominotè nan Nouyòk la kòmanse kounye a! Li pral bay yon sipò enpòtan pou òganizasyon nouvèl ki anboche epi kenbe repòtè lokal yo ak lòt djòb medya yo. Nou remèsye Gouvènè Hochul ak lejislati a — epi nou apresye anpil efò anplwaye ESD yo pou kreye yon pwogram ki gen kalite siperyè. Nou ankouraje tout gwoup medya lokal yo pou aplike!"

Albany NewsGuild, Lokal 31034 Prezidan Wendy Liberatore te deklare "Kredi taks sa a se yon liy sovtaaj pou jounalis, ki te ap soufri yon bès pandan plizyè dizèn ane akòz chanjman ekonomik nan endistri a. Mwen ta ankouraje tout editè jounal ak difizè ki kalifye yo pou yo pwofite pwogram sa a pou asire jounalis, ki esansyèl pou yon demokrasi ki an sante, rete vital nan Empire State la. Albany News Guild remèsye Gouvènè Kathy Hochul pou sipò li bay kredi taks sa a ki pral asire sal redaksyon yo rete aktif nan tout eta a."

Ansyen Prezidan Albany NewsGuild, Lokal 31034, Ken Crowe te deklare,"Sipò Gouvènè Hochul la te esansyèl pou lejislasyon ki sipòte kredi taks pou kreyasyon ak retansyon djòb jounalis nan yon moman kote jounalis yo bezwen pou enfòmè piblik la epi ranfòse demokrasi nou an. Konesans Gouvènè Hochul sou sikonstans sektè medya eta a ap fè fas a te garanti finansman an. Vis Prezidan Distri 1 CWA a, Dennis Trainor, Prezidan NYS AFL-CIO a, Cilento, ak Prezidan The NewsGuild-CWA a, Jon Schleuss, te rekonèt enpòtans kredi taks yo nan efò finansman pyonyè Eta Nouyòk la pou jounal tout gwosè, ki inik nan Etazini. Lokal Guild eta a nan Albany, Buffalo ak Nouyòk te travay ansanm — avèk Asosyasyon Editè Nouvèl Nouyòk kòm alye — pou bay sipò finansye pou ede konpayi medya yo fè fas ak tranzisyon an nan yon avni dijital."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)